



Pou Piblikasyon Imedya: 24/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN YON REDEVLOPMAN STARBUCK ISLAND KI KOUTE 65 MILYON DOLA NAN KONTE ALBANY**

***Pwojè te transfòme ansyen frich endistriyèl ki te delabre an yon kominote litoral vibran pou itilizasyon miks nan Rejyon Kapital la***

***Sipòte pa prèske 1.8 milyon dola sibvansyon yo akòde atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la***

***Foto avan ak apre yo disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman pwojè redevlopman Starbuck Island lan, ki se yon investisman 65 milyon dola ki te transfòme plis pase 4 ekta frich endistriyèl depo petwòl ki kontamine an yon kominote litoral ki gen gwo dansite nan Vilaj Green Island, Konte Albany. Starbuck Island konekte Green Island ak anba lavil Troy epi li ebèje kounye a prèske 270 inite rezidansyèl, yon salon, yon restoran ak pakin.

"Transfòmasyon Starbuck Island an nan yon nouvo katye litoral ki enteresan an se yon temwayaj pwogram netwayaj frich endistriyèl eta a ak ankourajman pou devlopman ekonomik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk pwojè a ki fini kounye a, rezidan yo ak vizitè yo nan kominote ki pi nouvo nan Hudson River a ka jwi anpil enstalasyon yo, panorama espektakilè, ak biznis lokal yo, k ap estimile plis investisman nan rejyon an."

Konstriksyon an te kòmanse an novanm 2018 lè yo te apwouve plan pou netwaye sit la dapre [Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl](#) (Brownfield Cleanup Program) Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la. Yon netwayaj konplè nan kad sipèvizyon DEC te enkli retire tè ak tretman dlo soutèren ki te fèt sou yon chemen paralèl ak redevlopman an pou ede transfòme ansyen tèminal depo ak distribisyon petwòl sa a an yon resous ekonomik litoral. Nan Faz VII nan inisyativ Konsèy Rejyonal la, yo te deziyen Starbuck Island kòm yon pwojè priorite pou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital (Capital Region Economic Development Council, CREDC) la epi yo te akòde li yon sibvansyon Devlopman Empire State ki prèske 1.8 milyon dola.

**Komisè Pwovizwa, Prezidan ak PDG dezinye pou ESD, Hope Knight, te deklare,** "Kreye aksè ak litoral nou yo, epi bay yon nouvo lavi nan ansyen frich endistriyèl ki te delabre yo se etap transfòmasyonèl nan revitalize kominote yo ki ozalantou Eta New York yo. Investisman estratejik nan pwojè pou itilizasyon miks tankou Starbuck Island reflekte angajman nou nan kreyasyon espas kòm yon pilye kwasans ekonomik alontèm ak dirab."

**Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare,** "Starbuck Island se yon bèl egzanp sou fason Eta New York ap ede revitalize kominote yo nan transfòme ansyen sit endistriyèl yo an motè ekonomik pwodiktif. Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl DEC la ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDI) Eta a ap travay ansanm nan Green Island ak lòt kominote ki otou Hudson River ak atravè eta a pou kreye travay ak opòtinite pandan y ap pwoteje anviwònman an ak sante piblik."

**Peter Luizzi, Jr., pwopriyetè Luizzi Companies, te deklare,** "Se te yon wout ki long pou rive isit la, men Luizzi Companies ak mwen menm remèsye Vilaj Green Island, NYSDEC, Empire State Development, M&T Bank, BBL Construction Services, ak rès ekip konsepsyon ak konstriksyon an. San pati sa yo, pwojè sa a pa t ap kapab reyalize."

**Ko-Prezidan CREDC a Ruth Mahoney, Prezidan Jesyon Richès NBT Bank, ak Doktè HavidánRodríguez, Prezidan University at Albany, te deklare,** "Redevlopman Starbuck Island se yon bèl egzanp pwosesis Konsèy Rejyonal la k ap travay. Lè yo te rekòmande finansman Eta a pou pwojè priyorite sa a, Konsèy la te rekonèt enpòtans ak potansyèl devlopman sa a pou jenere yon efè dirab sou rejyon an, epi nou felisite Luizzi Companies nou an paske li konstwi yon kominote iben ki vrèman espektakilè."

Anplis apatman yo, espas komèsyal yo ak pakin, Starbuck Island gen yon marina 31 anplasman anbakman ki gen ladann bato pou lokasyon, yon anfiteyat ak yon promenad ki ouvri pou kominote a, ak koneksyon pou pyeton ki kouvri tout zile a. Eleman pou itilizasyon piblik sa yo, plis konstriksyon yon dig an wòch pou pwoteksyon, te sipòte pa sibvansyon ESD a. Sitiye jis sou Green Island Bridge la, Starbuck Island sitiye a yon ti distans pou ale nan anpil restoran, boutik ak amizman anba lavil Troy yo; li sitiye a kèk minit ak Sage College ak Rensselaer Polytechnic Institute; ak yon vwayaj fasil pou ale nan vil ak ti vil avwazinant yo. Pwojè Starbuck Island lan konpleman estrateji devlopman ekonomik rejyon an nan pwomote reyitilizasyon adaptif yon pwopriyete ki te deja delabre e ki te abandone, epi kreye yon kominote enteresan ki vibran epi ki katalize nouvo investisman ak akeyi nouvo rezidan.

Non Starbuck la soti nan 19èm syèk la, lè Nathaniel ak George Starbuck te ouvri yon fondri fè sou zile a an 1821. Okòmansman, Starbuck Brothers Foundry te fabrike recho an fè anvan yo te agrandi pwodiksyon ak sèvis yo. Nan kòmansman 20èm syèk la, yo te netwaye sit la epi yo te sèvi ak li kòm yon tèminal pou petwòl jiska 2008. Avèk plan pou devlope zòn nan davantaj, Luizzi Companies te achte tè ki abandone ak

kontamine a an 2017 ak yon vizyon pou yo atake 200 ane polisyon endistriyèl ak pou devlope yon kominote ki gen fòm konplèks otelye ki gen aksè ak sant vil pwospè Green Island ak anba lavil Troy.

**Senatè Neil Breslin te deklare,** "Pwojè redevlopman Starbuck Island lan se vrèman bèl poto mitan nan efò kolaborasyon ant Luizzi Companies ak Eta New York pou revitalize pwopriyete litoral sa a. Pwojè koneksyon sa a deja bay yon nouvo lavi nan yon zòn zile ki yon fwa te delabre, transfòme li an yon plas kote moun yo kontan pou yo viv ak travay. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou devouman li pou kreye opòtinite ekonomik, ak pou investisman Empire State Development ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la pou sipòte avni Rejyon Kapital la."

**Manm Asanble, John T. McDonald III, te deklare,** "Felisitasyon pou Majistra Ellen McNulty-Ryan ak ekip Green Island lan pou gwo travay ki te fèt pou transfòme etablisman depo petwòl sa a ke yo te bliye depi lontan, ki chaje ak kontaminasyon frich endistriyèl, an yon nouvo kominote rezidansyèl ak komèsyal ke yo rele Starbuck Island kounye a. Mwen kontan rejwenn Gouvènè Hochul paske yon lòt fwa ankò yo te investiyon fason estratejik resous eta yo pou abòde pwoblèm yo bò rivaj la, men sa ki pi enpòtan pou netwaye frich sa ke yo te bliye pou yon pi bon itilizasyon - non sèlman pou Green Island, men tou pou Rejyon Kapital la. Starbuck Island se yon bèl egzanp sou fason kredi Tax Frich Endistriyèl yo ansanm ak yon pwomotè prive tankou Peter Luizzi ka travay ak kominote a pou benefis tout moun."

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** "Transfòmasyon Starbuck Island an yon kominote litoral premye klas te byen merite efò a. Kounye a nou gen yon destinasyon ki bay opòtinite rezidansyèl inik pandan y ap atire vizitè yo ak nouvo butik ak restoran enteresan. Pwojè ki fini an se yon istwa siksè ki pral benefisye tout rejyon an."

**Majistra Green Island lan, Ellen M. McNulty-Ryan, te deklare,** "Nan prèske 20 ane mwen yo kòm Majistra Vilaj Green Island, mwen dwe di ke devlopman Starbuck Island se deja chanjman ki pi transfòmatif nan kominote nou an. Peter Luizzi te fè yon jès ki trè brav de ane pase pou achte ak repare pwopriyete sa a epi fè li tounen premye lye litoral nan Distri Kapital la. Mwen rekonesan pou vizyon li ak angajman li nan pwojè sa a. Mwen rekonesan tou anvè tout moun ki te ede fè sa yon reyalite, depi nan gouvènman Eta New York ak nan Konte a, rive nan gouvènman lokal nou an. Li jis montre w sa ki ka akonpli lè nou tout travay ansanm."

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)